

## BAB II

### *SERAT ADU JAGO*

#### **2.1 Deskripsi *Serat Adu Jago***

Serat adu jago ini berisikan uraian tata cara menyabung ayam. Teks ini disusun oleh Ki Mangunprawirya pada tahun 1939, memakai nama samaran Ki Ajar Panitra, sesuai keterangan yang diperoleh dari Ki Wirakarya (Pak Kramontali/Plotir), seorang botoh sabung ayam. Karya ini merupakan sambungan serat Pandelwaan yang berisikan tentang uraian tata cara petilasan, dan keadaaan desa-desa tempat menyepi.

Keterangan Serat Adu Jago:

- |                             |                         |
|-----------------------------|-------------------------|
| 1. Alih aksara              | : Panti Boedaja (1940), |
| 2. Bentuk cerita            | : prosa                 |
| 3. Jumlah Halaman           | : 55 halaman,           |
| 4. Jumlah baris per halaman | : 32-34 baris           |
| 5. Bahasa                   | : Jawa (Krama Inggil)   |
| 6. Kertas yang digunakan    | : HVS                   |
| 7. Ukuran kertas            | : 27,5 cm x 16,7 cm     |
| 8. Bentuk lain              | : Roll Film             |

#### **2.2 Kutipan *Serat Adu Jago***

Hal 14

*Pangopenipoen babon, saben ing wantji byar endjing dipoen tedhani djagoeng mentah dipoen pipili, ladjeng dipoen wadhahi tempo (tengok alit)*

*satoewoekipoen, anggeling nedhani wonten ing kebon, sangadjengipoen kerining kandhang dipoen engakaken, babonipoen dipoen ekor-ekori (1), sarta dipoen oendang namanipoen makaten: koer koer, Temon Temon; babonipoen ladjeng medal, djedhoel; pipilanipoen djagoeng ingkang wonten ingrikoe: bjoer; masampoenipoen telihing babon mendhol-mendhol, ladjeng katilar, lawanging kebonipoen katoetoep, kainep dipoen kantjing, sangadjengipoen lawanging kandhang dipoen tjawisi pangomben beninging santening klapa, dipoen wadhahi tjoewe dhara sakebakipoen, kadekek wonten sakanan oetawi sakeringipoen korining kandhang, tjoewe dipoen toempangaken in banon, babonipoen ladjeng saba wonten salebetung kebon ingrikoe. Dene sawoeng ingkang dipoen angge djaleran, dipoen namakaken poen Tjanggeh, pangopenipoen dipoen sengkeri wonten ing grija gandhok, oetawi wonten empering grija gandhok, saben ing wantji bjar endjing dipoen toja, tjakar sarta soekoenipoen dipoen resiki, kakoembah ing toja dalah ing lempeng, toewin praoepanipoen, sami dipoen kopohing srebet; sasampoenipoen la...*

‘Pemeliharaan ayam betina yaitu dengan memberinya makan jagung mentah yang telah dipipil setiap pagi (saat matahari terbit). Jagung ini ditempatkan di dalam *tenggok* (mangkuk anyaman dari bambu) kecil dan biarkan ia makan sekenyangnya. Pemberian makan dilakukan di halaman depan kandang. Untuk memancingnya keluar, ayam dipanggil dengan mengatakan: “kur, kur” atau “temon, temon”. Setelah ayam keluar dari kandang, jagung pipilan kemudian disebar di tanah. Setelah ayam terlihat asyik memakan jagung pipilan yang telah disebarluaskan itu, pintu halaman ditutup kembali dan dikunci. Sebelumnya jangan lupa untuk meletakkan minuman bagi ayam yang terbuat dari beningan santan kelapa yang ditempatkan di wadah kecil dari tanah liat hingga penuh dan ditaruh di dekat tiang kandang atau di kiri pintu kandang. Sedangkan untuk ayam jago aduan dinamakan *canggeh*. Ia ditempatkan di rumah belakang atau di emper rumah belakang. Setiap pagi ketika matahari terbit, ia harus dimandikan. Cakar dan kakinya dibersihkan dengan air. Mukanya juga diusap dengan lap. Setelah itu, ia lalu...’

Hal 15

*..djeng dipoen sangkeri wonten ing ndjawi (plataran) dipoen epe, sagedipoen kasorotan tarontonging srengenge, watawis doemoegi ing wantji djam 9 endjing, dipoen ejoepaken, ladjeng dipoen tedhani sekoel abrit, ingkang taksih katoetan katoelipoen, dipoen teles ing toja manda-manda kemawon, sarta anggening nedhani naming sakedhik, sapalihipoen bilih nedhani ing wanci sijang, sarta sasampoenipoen nedha, sawoeng ladjeng kaoembar wonten ing kebon, sangajengipoen kandhang ajam, katoenggilaken babon poen temon, ingkang sampoen saba wonten ingrikoe; sasampoenipoe sawoeng kalebetaken ing kebon: bleng, ineping lawanipoen kebon katoetoep: kreket, ladjeng dipoen kantjing: djekreg; pijambakipoen ingkang gadhah sawoeng, ladjeng angindjen wonten bolonganipoen pager bethek, sawoeng katingal ladjeng saba mlampah ngaler ngilen, moeroegi tjoewa ingkang isi tjawisan beninganipoen santening klapa, pangoembenipoen babon ingkang sampoen saba ingrikoe waoe, ladjeng dipoen ombe, pangombenipoen katingal, sadjakipoen: glegeg glegeg seger. Sasampoenipoen ladjeng noleh mangetan, djeginggat kados wonten ingkang dipoen tingali, ladjeng madjeng mangetan kemawon, pasemonipoen katingal berak, dangingak dangingak ladjeng kaloeroek: koegkoeg kloeroek: sarta tjakaripoen ladjeng tjeker-tjeker siti, kalijan tjoetjoek-tjoetjoek, ga toemenga ga toemoengkoel, laraping naripatipoen, ingkang dipoen pandeng namoeng wetan, kalijan djoewanten: kroek, kroek, kroek, kroekkroek, kroekkroek, sadjakipoen kados oendang-oendang, adjak-adjak nenedha, boten wetawis dangu babon poen temon, katingal mentah-mentah mlampah saking wetan mangilen , moeroegi sawoeng poen tjanggeh, sareng sampoen tjelak, poen tjanggeh ladjeng angreki, angiter poen temon (mridjembada), elaring soewiwi ingkang sasih megar mangandhap, rainipoen mengleng kados angliling babon, babon poen temon mingkar-mingkar angontjati, sareng kasesek-sesek, anggening..*

‘...dikurung di pelataran depan dan dijemur sampai dengan kira-kira pukul 09.00. Setelah itu, ayam dimasukkan kembali ke dalam dan diberi makan beras merah yang masih ada bekatulnya. Pemberian makan pagi ini diupayakan untuk tidak terlalu banyak. Kurang lebih separuhnya saja, karena separuh lagi disisakan untuk makan siangnya. Setelah itu, ayam kembali dibasahi badannya dengan air biasa. Jika ayam telah selesai makan, ia harus dilepas di halaman depan kandang bersama dengan ayam betina yang tadi bernama *temon* yang telah lebih dulu berada di situ. Setelah ayam jago aduan masuk ke dalam halaman kandang, pagar halaman kandang kemudian ditutup rapat dan dikunci. Pemilik ayam lalu mengintip melalui lubang yang telah dibuat. Dari pengamatan yang terjadi, terlihat awalnya ayam jago berjalan-jalan ke utara dan barat, mendekati wadah berisi air beningan santan kelapa sisa minuman ayam betina. Ia lalu meminumnya dan kelihatan sangat menikmati kesegarannya. Setelah itu ia lalu menoleh ke timur dan menjulurkan lehernya seolah ada yang ingin ia lihat. Kemudian ia berjalan ke timur. Ia terlihat sangar. Menjulur-julurkan lehernya sambil menoleh-noleh dan berkокok, “kukug klurug!!”. Cakarnya mencakar-cakar tanah. Paruhnya mematuk-matuk tanah. Sebentar menengadah, sebentar menunduk. Selama itu pandangannya hanya tertuju ke arah timur sambil terus bersuara, “kruk, kruk, kruk, krukruk, krukruk”, seolah ia tengah memanggil-manggil, mengajak untuk makan. Tak lama kemudian, ayam betina bernama Temon terlihat berjalan perlahan dari arah timur ke barat mendatangi ayam jago Canggeh. Setelah dekat, Canggeh lalu beraksi merayu Temon. Dikelilinginya Temon. Sebelah sayapnya mengembang ke bawah, kepalanya miring seperti tengah menggoda. Temon tampak berusaha keras menghindar dengan cara merendahkan tubuhnya.’

Hal 16 baris ke 1-13

*...ngedhani mendhak, bleber soekoening sawoeng djalingkrik gegering babon, tjilingkrik ladjeng noetjoek woeloenipoen tjengeling babon, kasetrip angge gondelan, babon ladjeng andhekem nggedebeg, boentoetipoen megar soemilak, katoempangan sawoeng, boentoeting sawoeng angawet mangandhap, noetoepi*

*medining babon, toemetesipoen widjining sawoeng katoempen badaning babon, kedjeping sawoeng sarta babonipoen boten dangu, namoeng sangebyaring kilat, sawoeng ladjeng mandhap saking gigiring babon: jleg, toemapak ing siti ladjeng angeroki baonipoen kados angingimoer babonipoen ladjeng kesah angoentroeng, saba saoeteking kebon, tinoet wingking ing sapoeroegipoen. Ingkang gadhah soemerep solah/tenaganipoen anggening laken babonipoen waoe, sangat bingahing manah,..*

‘...Tiba-tiba dengan gerakan yang cepat, Canggeh telah naik ke punggung Temon. Bulu di tengkuk Temon dijadikannya sebagai pegangan. Ayam betina kemudian mendekam. Ekornya terkembang ke atas. Sedangkan ekor ayam jago menjuntai ke bawah menutupi alat vital ayam betina. Sperma dari ayam jago kemudian masuk ke alat vital ayam betina. Proses ini tak berlangsung lama. Ibaratnya hanya secepat sambaran kilat. Setelah itu, ayam jago lalu turun ke bawah. Setelah sampai di tanah kembali ia seolah menghibur si ayam betina. Tak lama, ayam betina kemudian berlari ke arah lain dari halaman kandang. Ayam jago mengikutinya dari belakang. Si pemilik ayam yang melihat tingkah laku ayam-ayamnya itu merasa senang hatinya.’

Hal 17 baris ke 12-30

*...saben dinten kados mekaten pangopenipoen: dene titikapnipoen bilih badhe nigan (ngendog), babon poenika loemadjeng kalijan njoewanten: kek kek kek kek, kalijan elaripoen kebet-kebet, (kekebet), poenika dipoenwastani: memeti. Bilih solah-tenaganipoen babon sampoen kados mekaten, katjariyos: toemetesing widji saking sawoeng, ingkang ngoemandang baganing babon, dhaoepipoen kalijan abon-aboning widji, ingkang wonten ing babon sampoen dados oeritan, tjalaning tigan (endhog). Manawi sampoen mrendhengbadhe medal, babon poenika ladjeng mapan, sandhekem wonten petarangan. Sasampoenipun sawatawis dangoe, babon njoewanten pethog pethog, poenika tenggeranipoen bilih sampoen anglahiraken antiga (endhog), mboten dangoe mandhap saking patarangan, ladjeng saba oegi kalijan njoewanten pethog oetawi petheg-petheg,*

*ladjeng tjoetjoek-tjoetjoek netjep (nese) telesing roempoet, oetawi telesing trenatreni, mbok manawi kaoewatipoen, badhe medaling antigan (endhog), rekaosing rendengipoen, raos ngelak ouetawi salpi sanget (ngorong), Doemoegi samanten gotekipoen Pak Wirakarya, ingkang oegi karan nama: Pak Kramontali (plotir),...*

‘Inilah tanda bahwa ayam betina telah melahirkan telurnya. Tak lama setelah melahirkan, ayam betina akan turun dari tempatnya bertelur dan berjalan-jalan sambil terus bersuara, “petog, petog” atau “peteg, peteg”. Paruhnya mematuk-matuk dan menghisap air di rerumputan yang basah dan embun. Ini barangkali diakibatkan ketika ia melahirkan telur, tenaga yang dikeluarkan sangat banyak sehingga ia merasa sangat kehausan. Demikianlah cerita Pak Wirakarya atau Pak Kramontali (Plotir)...’

Hal 18 baris ke 8-32

*...andhakanipoen manawi anggening nigan (ngendhog) sampoen rambah kaping 12, oetawi kaping 13, tarkadhang ngantos rambah kaping 15, sanadjan wontenipoen tigang, tjatjahipoen kirang saking samanten, amargi kapendhet ingkang gadhah, oetawi wonten sabab sanes-sanesipun, inggih ladjeng dipoen angremi, ngantos dumugi sanetesipohn, amila saben sampoen mangsanipoen babon badhe angrem, ingkang gadhah milihi tigan, ingkang badhe teteseaken, oetawi ingkang kaange endhog-endhogan kemawon, ingkang ka-angge titikan pamilihipoen, tigan ingkang badhe netes djaler (sawoeng), poenika woedjoeding tigan ragi londjong, kiwa tengenipoen sasisih, semonipoen lantjip; ingkang badhe netes estri (babon), poenika pasemonipoen boender, kiwa tengenipoen mboten londjong, tigan poenika katah ingkang netes dados estri, tinimbang ingkang dados jaler, makaten adatipoen, nagging kala-kala inggih saring wonten kathah ingkang dados djaler; tigann poenika ladjeng dipoen pendheti, dipoen tjemploengaken ing toja ingkang dipoen wadhahi djembangan, badhe ka-angge angrambang tigan waoe; tigan poenika anggenipoen annjemploengaken sareng, poendi ingkang rikat oetawi roemijin pijambak silemipoen, doemoegi*

*kandhasipoen dhasaring djembangan, poenika ingkang dipoenpilih, katetepaken tigan ingkang awrat pijambak, poeniak katjariyos: dados sawoeng sae, bandel oetawi wantala, koewawi, saged mangan: dadosing babon ingih sae, saged nigan kathah, sage netes sadaja, kalising sasakit..*

‘Biasanya, jika seekor ayam betina telah bertelur sebanyak 12 atau 13 atau terkadang juga mencapai 15 kali, meskipun jumlah telur berkurang karena ada sebagian yang diambil oleh pemiliknya atau sebab-sebab lainnya, si ayam betina pasti akan mengeraminya hingga menetas. Oleh karena itu, tiap-tiap ayam betina akan mengerami telurnya, pemilik ayam biasanya telah memilih telur mana yang akan ditetaskan, dan mana yang hanya akan dibiarkan sebagai telur saja. Sebagai patokan, telur yang akan menetas ayam jantan, biasanya bentuknya agak lonjong dengan ujung dan pangkal yang lancip. Sedangkan telur yang akan menetas ayam betina, biasanya berbentuk bundar. Ujung dan pangkalnya tidak lancip. Biasanya, lebih banyak telur ayam betina yang menetas dibandingkan dengan telur ayam jantan meski terkadang ada pula telur ayam jantan yang menetas daripada telur ayam betina. Telur-telur yang diambil itu kemudian dimasukkan ke dalam jambangan berisi air untuk *dirambah*. Telur yang dimasukkan secara bersamaan itu kemudian dilihat, mana yang lebih cepat tenggelam hingga mencapai dasar jambangan itulah yang akan dipilih untuk ditetaskan. Sedangkan telur yang kuat mengambang konon jika menetas sebagai ayam jantan, maka ia akan menjadi ayam jantan aduan yang unggul. Sedangkan jika menetas sebagai ayam betina, ia akan menjadi ayam betina yang subur dalam hal produksi telur dan telur-telurnya dapat menetas semua serta terhindar dari berbagai macam penyakit.’

Hal 21 baris ke 19-30

*...poenika mawi poopoedijian makaten: lintjak gagak woeloeng bingoeng. Sasamponipoen ngoecap rambah kaping pitoe , anggenipoen angiteri kuthuk ladjeng kakendhel. Kulitipoen ajam baloenging tjoetjoek ingkang pating salembret, dipoen kalentheki supados resik. Sasampoenipoen resik koethoek*

*sarta babonipoen, dipoen goeyang ing toja sekar sataman; tojanipoen sekar setaman mawi dipoen dongani, oetwai dipoen mantrani: esmu gunting, dening ingkang anggadhang sagedipoen dados sawoeng patohan, sarta babonipoen saged dados redder. Dene lapaling mantranipoen makaten si dhendheng, si wangkeng, keng kurungkeng, dhek keng, urat kenceng, sira wangkeng, ati wanuh....*

‘Sambil membersihkan anak ayam itu, ia berdoa demikian: “*Lincak gagak welung bingung*” sebanyak tujuh kali. Jika sudah mencapai tujuh kali, ia kemudian berhenti. Kulit anak ayam dibersihkan dari kotoran sampai bersih, dan dibilas dengan air bunga setaman sambil dimantrai *esmu gunting* dengan harapan ayam ini kelak dapat menjadi ayam aduan yang unggul, sedangkan yang betina semoga dikaruniai anak yang banyak dan sehat. Mantranya adalah sebagai berikut: *Si dhendheng, si wangkeng, keng kurungkeng, dhek keng, urat kenceng, sira wangkeng, ati wanuh.*’

Hal 24 baris ke 6-9

*...sawoeng ingkang dipoen gadhang badhe ka-aben, poenika oemoer 9 boelan, sampoen wiwit dipoen goelawentah, dipoen sengkeri pijambak, mboten dipoen tunggilaken wonten ing kandhang ajam, sengkeran satoenggal sawoeng satoenggal...*

‘Ayam yg mau dijadikan ayam aduan mulai dari umur 9 bulan sudah mulai dirawat, kandang terpisah, tidak disatukan dalam kandang ayam, di sangkaka satu persatu.’.

Hal 25 baris 10-25

*...panggula wentahipoen sawoeng, poenika warni-warni, ingkang sampoen kalimrah ing kathah, poenika wiwitipoen sengkeri, saben daloe dipoen sengkeri, kadekek wonten salebetung grija, oetawi wonten pandhana, saben ing wantji bjar*

*endjing, dipoen toja tjakar sarta soekoenipoen dipoen resiki dipoen koembah ing toja, lempeng sarta praoepanipoen dipoen kopoh ing toja sarta dipoen koroki ing elar djlagranipoen ingkang ngantos resik, supados landhung napasipoen. Sasampoenipoen ladjeng dipoen elih, dipoen sengkeri watong ing djawi (plataran) dipoen epe, sageda kasorotan benteripoen tarontonging srengenge, watawis dumugi jam 9 endjing, kaejoepaken antawis sakendhelipoen ing wantji jam 2 sijang, dipoen toja satjekapipoen, ladjeng dipoen tedhani sekoel abrit ingkang taksih katutan katulipoen, oetawi sekoel abrit ka oelet kalijan katoelipoen, sekoel abrit, dipoenteles ing toja wantah manda-manda kemawon,*

Hal 26, baris ke 5-22.

*...Saben ing wantji sijang kala-kala kedah dipoen oembar, soepados inggaring manahipoen oelataken, wigatosipoen: anjegati oetawi anjegah sampoen ngantos tanglet (taroeng) kalijan sawoeng sanesipoen, sarta anjegati sampoen ngantos njalingkrik (madjang) babon, amargi manawi kekerepen poenika saged angrisakaken sawoeng, liripoen: anjoedakaken koekoewatan, bilih kaladjeng dados sasakit nama: naga-kalolos ladjeng mboten gadhah koekoewatan; nanging manawai ngantos kalamen mboten majang, badanipoen lema sanget, ngantos angadjih ladjeng dados sakit bileng (lingak-lingoek) mboten gadhah koewanen, sande mboten daados sawoeng abenan (adon), amargi saben tanglet (taroeng) saweg abrar kabroekan, dereng ngantos roeket asilih-oengkih, gebag-ginebag, ladjeng loemadjeng kawon, saweg dipoen kendeli sakedap, dipoen thoekaken ladjeng wani, nanging inggih poenika waoe saweg sakawan kabroekan, kathah-kathahipoen pitoeng kabroekan, pletjet ladjeng loemadjeng, dipoen paletjit mengsahipoen, njoewanten kijoek-kijoek keladjeng kawon...*

‘Sesekali di tiap siang, ayam harus dilepas untuk menyenangkan hatinya. Akan tetapi, saat melepas ayam, pemilik harus senantiasa mengawasi agar ayam tidak sampai berkelahi dengan ayam lainnya (*tarung*), atau menyetubuhi ayam betina (*majang*), karena jika hal ini kerap terjadi akibatnya akan merusak kualitas ayam jantan itu, karena kekuatannya berkurang. Apabila dibiarkan, maka akan timbul

penyakit yang dinamakan *naga kalolos* (kekuatannya hilang). Sebaliknya, jika ayam jantan sudah terlalu lama tidak *majang*, akan mengakibatkan penyakit yang disebut *bileng*, yaitu keadaan di mana ayam jantan menjadi gemuk dan kehilangan keberaniannya dan menjadi sangat penakut. Sebagai ayam aduan, mutunya sudah sangat merosot. Ketika ia dipertemukan dengan lawannya, ia akan segera melarikan diri. Sedikitnya setelah empat atau tujuh hantaman ia akan menghindar dan berlari dari arena. Ketika lawan mengejar, ia akan berlari sambil bersuara: “kiyuk, kiyuk” lalu kalah..’

Hal 34

*“..ingkang dipun namakaken Sladang, kalijan poen Glibet, ingkang sampoen kabekta botohipoen doemateng tengahing kambengan, (kalangan), panndjanging kambenganipoen moedjoer mangidoel, ingkang satoenggal ndhodhok kalijan njepengi sawoengipoen wonten ing sisih kidoel, madjeng mangaler, ingkang satunggal wonten sisih eler madjeng mangidoel. Para prijagoeng loehoer oetawi prijantoen ageng lenggah ing koersi, wonten ing kilen sadjawining kentheng madjeng mangetan, pengkeranipoen abdi panakawan ingkang ngampil-ampil lopak-lopak ganten, slepen, paketjohan, oepet. Saking kathahipoen tijang ingkang sami dhateng wonten ing kambengan, linggihipoen sami angepang (tangleting=taroenging) sawoeng, wonten sadjawining kentheng rangkep-rangkep, sek-sekan, koepeng sakanan-keringipoen koersi wau. Botoh ingkang sampoen adjeng-adjengan njepeng sawoeng wonten tengahing kambengan (kalangan), satooengga lanl satoenggalipoen, tebihipoen watawis wonten 2 m, ladjeng adjak-adjakan ngetjoelaken sawoengipoen, etjuling sawoeng saking tanganing botoh, sawoengipoen ladjeng sami madjeng sakedhik. andoengkroek sawang-sinawang kalijan mengsahipoen, goeloenipoen toemeloeng, simbaripoen woeloenipoen goeloe megar bjar mekrok, mripatipoen pandeng-pinandeng, tjoetjoekipoen ebah ngiwa-nengen toemenga toemoengkoel, sami ngantoeki-antoeki, semoening sebawa, kados tantang-tangan, ngatingalaken kasoediranipoen, ladjeng sami sareng marepeki mengsahipoen, pangangkatipoen soekoe, megaripoen elaring soewiwi, angabroek sasareangan sarosanipoen*

*ngantos rambah-rambah, saking banteripoen toemempoehing elar sarta pamantjaling soekoe, swaranipoen kapijaran sora, kabroek kabroek, sami kontalipoen kawangsoel dhawah toemapaking siti, ingkang wonten ler kawangsoel dhawah ing ler, ingkang wonten kidul..*

‘Dikisahkan, ayam yang akan diadu bernama Sladhang dan Glibet. Mereka berdua telah dibawa ke tengah arena sabung ayam. Bagian arena yang panjang, membujur ke arah selatan. Salah satu di antara kedua bandar berjongkok di sisi sebelah selatan menghadap utara sambil memegangi ayamnya, sedang lawannya berada di utara menghadap selatan juga sambil memegangi ayamnya. Para pembesar dan bangsawan tinggi duduk di kursi yang terletak di barat menghadap ke timur. Di belakangnya adalah para abdi *panakawan* yang membawa benda-benda khas para bangsawan seperti perlengkapan menyirih, tempat membuang air ludah, dan lain-lain. Karena banyaknya orang yang ingin menyaksikan adu ayam, seluruh keliling arena dipenuhi massa yang memadat. Termasuk di sela-sela kursi yang diduduki oleh para bangsawan itu. Para bandar kemudian berjalan menuju area tengah arena adu ayam hingga posisi mereka berhadapan dengan jarak sekitar 2 m. Setelah itu mereka saling memberi isyarat untuk melepas ayam mereka. Setelah ayam dilepas, biasanya mereka akan saling memandang lawannya. Lehernya dijulurkan, bulu lehernya mekar, paruhnya bergerak-gerak ke kiri ke kanan ke atas dan ke bawah seolah saling menantang memperlihatkan keperkasaannya. Sesudah beberapa saat, keduanya saling mendekat, terangkatnya kaki, terkembangnya sayap, bersamaan dengan saling bentur di antara mereka hingga berkali-kali. Karena kerasnya benturan antara sayap dan kaki, sampai menimbulkan suara yang cukup keras “kabruk, kabruk!”. Keduanya kemudian kembali menjek tanah. Yang berada di sisi utara kembali di utara demikian pula yang berada di selatan.